

<b>barrier island</b>	<b>zile baryè</b>	Chemen long ki gen sab oswa lòt sediman kouran rivaj la depoze oswa bay fòm; chemen long sa a separe avèk teritwa kontinan an epi li ka mezire anpil dizèn kilomèt nan longè.
<b>base ionization constant</b>	<b>konstant iyonizasyon baz</b>	Valè ekspresyon konstant ekilib pou iyonizasyon yon baz.
<b>base unit</b>	<b>inite baz</b>	Yon inite ki defini nan yon sistèm mezi ki baze sou yon objè oswa yon evènman nan monn fizik la epi ki endepandan ak lòt inite yo.
<b>base</b>	<b>baz</b>	nenpòt sibstans ki fòm iyon idwoxid nan dlo epi ki gen yon pH (potansyèl idwojèn) anwo 7.
<b>beat</b>	<b>kadans</b>	Osiyasyon anplitid ondilè ki pwodui akòz sipèpozisyon de (2) onn sonò ki gen prèske menm frekans.
<b>bedding</b>	<b>estratifikasyon</b>	Eschistozite orizontal nan wòch sedimantè ki ka deplwaye sou yon milimèt nan epesè a plizyè mètr nan epesè.
<b>bedrock</b>	<b>sibstra woche</b>	Wòch-mè solid ki pa patinen epi ki ka fòm avèk kalkè, mab, granit oswa lòt wòch ekstrè.
<b>beta particle</b>	<b>patikil beta</b>	Elektwon rapid ki emèt nan yon dezenteegrasyon radyo-aktif.
<b>biennial</b>	<b>plant bizanyèl</b>	antofit ki gen yon direkvi de (2) ane.
<b>bilateral symmetry</b>	<b>simetri bilateral</b>	zannimo ki gen plan kò ki ka divize anba longè li an de (2) mwatye dwat ak gòch ki sanblab ki fòm imaj envèse youn pou lòt.
<b>bile</b>	<b>bil</b>	sibstans chimik fwa a pwodui ki estoke nan vesikil bilyè (sak bil) ki ede fonn grès pandan dijasyon an.
<b>binary fission</b>	<b>fisyon binè</b>	pwosesis repwodiksyon aseksyèl kote yon selil divize an de (2) menm selil jenetik.
<b>binary star</b>	<b>étwal binè</b>	Dekri de (2) etwal ki asosye ansanm nan gravite epi òbite youn sant mas komen.
<b>binomial nomenclature</b>	<b>nomanklati binomyal</b>	sistèm a de (2) mo Carolus Linnaeus devlope pou deziyen espès yo.
<b>biodiversity</b>	<b>divèsite byolojik</b>	varyete lavi nan yon zòn.
<b>biogenesis</b>	<b>byojènèz</b>	lide ki endike òganis vivan yo sòti sèlman nan lòt òganis vivan.
<b>biomass</b>	<b>byomas</b>	mas oswa pwa total tout kreyati vivan nan yon zòn konsidere.
<b>biome</b>	<b>byòm</b>	gwoup ekosistèm ki gen menm kominote klimasik.

<b>bioremediation</b>	<b>byoremedyasyon</b>	Itilizasyon òganis pou netwaye dechè toksik.
<b>biosphere</b>	<b>byosfè</b>	pati latè ki sipòte lavi; li deplwaye depi zòn wot presyon nan atmosfè a jouk nan fon oseyan yo.
<b>biotic factors</b>	<b>faktè byotik</b>	tout òganis vivan ki abite yon anviwònman.
<b>bipedal</b>	<b>bipèd</b>	posibilite pou mache sou de (2) janm.
<b>birthrate</b>	<b>ton natalite</b>	kantite nesans vivan pou chak 1000 moun nan yon ane konsidere.
<b>black hole</b>	<b>twou nwa</b>	rès etwal ki piti ak trè epè; gravite a tèlman gran, sa lakòz menm limyè pa ka sòti nan chan gravitasyonèl li.
<b>blastula</b>	<b>blastila</b>	esfè kre ki fòme avèk anpil selil nan yon kouch ki antoure yon espas ki plen ak likid; anbriyon yon zannimo apre klivaj men anvan fòmasyon gastrila.
<b>boiling point</b>	<b>tanperati pou bouyi</b>	Tanperati kote presyon vapè yon likid egal a presyon ekstèn nan oswa presyon atmosfèrik la.
<b>breaker</b>	<b>brizan</b>	Vag fonn ki fòme lè yon vag rive nan dlo ki pa fon epi li ralanti nan fwotman avèk fon oseyan an.
<b>Brownian motion</b>	<b>mouvman bwonyen</b>	Mouvman an sakad, owaza ak rapid patikil koloyid ki pwodui akòz kolizyon patikil milye dispèsyon avèk patikil ki dispèse yo.
<b>budding</b>	<b>boujònman</b>	kalite repwodiksyon aseksyèl nan levi iniselilè yo ak nan kèk lòt òganis kote yon selil oswa yon gwoup selil sòti nan paran an pou fòme yon nouvo moun.
<b>buffer</b>	<b>tanpon</b>	Yon solisyon ki reziste kont chanjman nan pH (potansyèl idwojèn) lè yo ajoute asid oswa baz an kantite limite.
<b>buffer capacity</b>	<b>kapasite tanpon</b>	Kantite asid oswa baz yon solisyon tanpon ka absòbe san yon chanjman enpòtan nan pH (potansyèl idwojèn).
<b>buoyant force</b>	<b>fòs pou flote nan dlo (pouse Achimèd)</b>	Fòs asandan ki egzèse sou yon objè ki plonje nan yon likid.
<b>bursa</b>	<b>bous</b>	sak plen likid ki lokalize ant zo ki absòbe chòck epi ki anpeche zo yo fwote youn ak lòt.